



Èske w ap vwayaje?

Mande Lis Verifikasyon Netwayaj
Ospitalite UNITE HERE:

1. Netwayaj ki fèt nan chanm yo chak jou ak dezenfeksyon ki fèt souvan

Netwaye epi dezenfekte tout pwopriyete a, menmjan ak netwayaj ki fèt chak jou nan chanm envite yo, ak espas ki rezève sèlman pou anplwaye yo. Dezenfekte tout sipèfisyè yo manyen anpil yo chak lè yo fin itilize yoo epi netwaye souvan tout espas piblik yo.

2. TOUT moun mete PPE epi Kenbe Distans Sosyal yo

Bay moun yo PPE sifizan epi ki apwopriye ak fè anplwaye yo oak envite yo respekte gid yo bay sou distans sosyal yo.

3. Fè tès pou detekte ak anpeche maladi

Fè tès pou anplwaye yo anvan yo relouvri epi detanzantan. Fè tès pou envite ak anplwaye yo chak jou. Yo dwe peye anplwaye ki maladi yo oswa ki idantifye tèt yo antanke moun ki kontamine yo lè sipleman pou izole yo tèt yo.

4. Reponn yon epidemi yo sispèk san pèdi tan

Sizoka yon envite oswa yon anplwaye fè konnen li ekspoze, maladi, oswa yon ka yo konfime: kòmanse chèche gen kontak imedyatman, fè anplwaye yo konn sa, epi bay plis tan poutèt pou anplwaye ka izole tèt li oswa refè. Etabli pwotokòl sekirite ki sevè pou envite yo izole pwòp tèt yo.

5. Pa fè presyon sou travayè k ap pale konsènan sekirite yo

Li nesèsè pou anplwaye yo pale san pwoblèm sou enkyetid yo genyen pou sekirite yo epi planifye pou nou asire nou ke nou tout an sekirite.